

# Eske w te travay nan swen rekòt nan Greenhouse Maroa Farms ki nan Michigan ant 1e jen 2019 ak 14 out 2023?

Ou ka gen dwa resevwa lajan dapre règleman pou aksyon gwoup yo pwopoze a.

## Eske mwen se yon manm klas la?

Ou se yon Manm Klas la si ou te travay kòm travayè migran oswa sezonye nan swen rekòt nan Maroa Farms, Inc. nan 270 N. Fillmore Rd., Coldwater, MI (Maroa Farms) ant 1e jen 2019 ak 14 out 2023. Moun ki te travay nan Maroa Farms sèlman nan kad pwogram viza H-2A oswa ki te sèlman fè travay anbalaj pandan peryod ki anwo a pa manm klas la.

## Kijan règleman aksyon kolektif sa a fonksyone?

Yon pwosè “aksyon gwoup” se yon pwosè kote yon moun oswa yon ti gwoup moun, yo rele Repezantan Gwoup yo, pote lajistis nan non moun ki gen reklamasyon ki sanble avèk yo.

## Ki sa ki nan dosye a?

Nan pwosè sa a, Repezantan Group yo pote akizasyon kont Akize a komkwa yo te vyole Lwa Pwoteksyon Travayè Agrikòl Migran ak Sèzonye (“AWPA”) **Manm Klas la elijib pou remèt yon Fòm Reklamasyon pou resevwa omaksimòm \$400.00 kòm règleman pou Reklamasyon kont Akize a komkwa li pa t bay enfòmasyon ki obligatwa sou sous chèk yo.**

## Chhwa ou yo Anba Règleman an si ou se yon Manm Klas la

1. Remèt yon Fòm Reklamasyon pou rekipere nan Fon Règleman
2. Eksli tèt ou nan règleman an
3. Fè objeksyon kont règleman an
4. Pa fè anyen

**Fòm Reklamasyon, Fòm Ekslizyon, ak Objeksyon yo fèt pou remèt pou pita 30 novanm 2023.** Si w pa fè anyen, ou pap resevwa okenn lajan nan règleman an. Mete sou sa, ou pap kapab depoze yon prosè, ni kontinye yon pwosè, oswa fè pati nenpòt lòt prosè kont Akize a ki enplike nan pwosè konsènan reklamasyon ak peryod tant ki kouvri nan règleman aksyon kolektif sa a.

LI ILEGAL POU NENPOT MOUN PRAN REVANJ KONT OU POUTÈT OU PATISIPE NAN DOSYE SA A.

## **KESYON?**

Administratè Règleman an, Rust Consulting, Inc.  
866-254-7322 ~ Imèl: [info@casolopezmaroa.com](mailto:info@casolopezmaroa.com) ~  
[www.casolopezmaroa.com/](http://www.casolopezmaroa.com/)

Avoka pou Klas la, Adam Jeffries & Anna Hill Galendez,  
Michigan Immigrant Rights Center  
616-600-9433 ~ Imèl: [ajeffries@michiganimmigrant.org](mailto:ajeffries@michiganimmigrant.org)

